

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Karya sastra mangrupa hasil karya cipta manusa nu mibanda peran penting pikeun kamajuan sarta kabeungharan budaya. Ngaliwatan karya sastra, manusa bisa maluruh rupa-rupa pangaweruh, adat istiadat, budaya, sawangan hirup, sarta ajén-inajén kahirupan. Salaku wujud tina hasil pikiran nu didadasaran ku ajén kahirupan sarta alam sabudeureun, karya sastra mibanda peran salaku média pikeun numuwuhkeun ajén jeung karakter.

Karya sastra mangrupa hasil tina ngadumaniskeun imajinasi jeung kanyataan. Hartina, hal-hal anu diungkab dina karya sastra mangrupa hasil tina pangalaman atawa pangaweruh pangarangna, anu satuluyna diolah ku imajinasi pangarang. Karya sastra gumelar tina niat pangarang pikeun ngungkarakeun éksisténsina salaku manusa nu miboga ide, gagasan, sarta amanat nu tangtuna dibarengan ku imajinasi sarta realitas sosial budaya pangarang sarta ngagunakeun média basa pikeun nepikeunana.

Sastra téh ngagambarkeun kahirupan. Anapon kahirupan, dina enas-enasna mangrupa bagéan tina kanyataan sosial, sanajan karya sastra ogé mangrupa titiron tina alam jeung dunya subjéktif manusa (Wellek & Warren, 2016, kc. 98). Sajumlahing hal nu digambarkeun dina carita pondok raket patalina jeung kahirupan nyata nu mangrupa fakta di lingkungan masarakat. Dina hirup kumbuh sapopoé, manusa moal leupas tina interaksi sosial. Unggal individu atawa kelompok tangtuna miboga paham nu béda nu antukna nimbulkeun pasualan sosial. Ari dina nyanghareupan éta pasualan butuh tindakan sosial nu saterusna disebut aspék sosial.

Wangun karya sastra Sunda aya tilu rupa, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Wangun prosa dianggap paling dominan dina ngagambarkeun aspék-aspék sosial. Prosa nyaéta karangan dina rakitan basa sapopoé; lancar, tanpa ngolah atawa ngatur intonasi anu matok. Prosa dina wangenan kasusastraan disebut fiksi, téks naratif atawa wacana naratif. Fiksi mangrupa karya imajinatif nu didadasaran ku tanggung jawab sarta kasadaran tina aspék kréativitas salaku karya seni. Salaku hiji

karya imajinatif, fiksi nawarkeun rupa-rupa masalah manusa jeung kamanusaan sarta hirup jeung kahirupan (Nurgiyantoro, 2015, kc. 2).

Prosa fiksi bisa diténan dina karya sastra wangun novel jeung carita pondok. Duanana diwangun ku unsur-unsur pangwangun nu sarua nyaéta unsur intrinsik jeung unsur ékstrinsik. Nurutkeun Wellek jeung Warren (dina Nurgiyantoro 2015, kc. 30) unsur intrinsik nyaéta unsur-unsur nu ngawangun éta karya sastra. Ieu unsur-unsur téh baris ngalantarankeun hiji téks lahir salaku karya sastra. Ari unsur ékstrinsik ngawengku kaayaan subyektivitas pangarang ngeunaan sikep, kayakinan jeung sawangan hirup nu jadi kasang tukang lahirna hiji karya fiksi.

Salasahiji jenis karya sastra dina wangun prosa nu ngirut minat masarakat nyaéta carita pondok. Nurutkeun Sumardjo jeung Saini K.M. dina Koswara (2013, kc. 295) carita pondok téh carita dina wangun prosa nu relatif pondok. Ukuran pondok di dieu dihartikeun salaku carita nu bisa dibaca dina sakali diuk atawa dina waktu kurang tina sajam. Carita pondok miboga hiji téma poko, galur, karakter sarta latar nu kawatesan, teu ragem sarta teu kompléks.

*Halis Pasir* mangrupa salasahiji kumpulan carita pondok karya Us Tiarsa. Di dunya kasusastraan Sunda, Us Tiarsa geus teu bireuk deui kungsi jadi anggota PPSS sarta taun 2007 diangkat jadi Ketua Umum LBSS. Buku kumpulan carita pondok *Halis Pasir* diterbitkeun ku Kiblat dina bulan Nopémber 2010. Éta buku dilélér hadiah sastra Rancagé taun 2011. Ieu kumpulan carita pondok téh ngawengku 13 carita pondok nyaéta “Halis Pasir”, “Goong téh Kaimpi Totos”, “Buah”, “Nu Niruk Jajantung”, “Rusiah”, “Diantos di Sarayévo”, “Incok”, “Nu Ngaraliwat”, “Si Bungsu”, “Baju Pangantén Pulas Emas”, “Surat”, “Salju dina Bulu Panon”, jeung “Karémbong Srangéngé”.

Kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa nyaritakeun rupa-rupa hal nu biasa kaalaman dina kahirupan sapopoé saperti dina carita “Halis Pasir”, “Rusiah”, “Incok” sarta aya ogé sababaraha carita nu rada ahéng saperti “Karémbong Srangéngé”, “Diantos di Sarajevo”. Pikeun nganalisis sarta ngadadarkeun eusi kumpulan carita pondok *Halis Pasir* tangtuna dilakukeun ku cara maca karyana kalayan teleb, dipesék struktur caritana, tuluy dipaluruh sarta diteuleuman ajén-ajén kahirupan masarakat dina unggal caritana.

Kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa minangka objék dina ieu panalungtikan dipaluruh ngeunaan aspék sosialna nu dirojong ku cara diguarna unsur intrinsik dina ulikan objéktif jeung aspék mimétik dina pamarekan mimétik Abrams. Bahasan ngeunaan patalina aspék sosial, karya sastra, jeung masarakat téh dipaluruh dina téori sosial sastra. Nurutkeun Anwar (2015, kc. 1) téori sosial sastra mangrupa téori nu leuwih kompréhensif tibatan sosiologi sastra, dimana sastra ditilik dumasar aspék sosial sarta kumaha masakat ditilik minangka aspék nu mangaruhan kana karya sastra.

Pamarekan objéktif nyaéta pamarekan nu mesék atawa ngulik karya sastra sarta teu ngalibetkeun hal-hal saluareun karya sastra. Pamarekan objéktif kawilang raket patalina dina ngajaga prinsip otonomi karya sastra dina ngalarapkeunna. Ari pamarekan mimétik nyaéta pamarekan nu ngulik patalina karya sastra jeung realitas atawa kanyataan. Karya sastra mangrupa prosa fiksi hasil ciptaan manusa sarta ditulisna dumasar kana kaayaan kalayan ngaliwatan prosés ngadumaniskeun jeung imajinasi pangaran. Boh pangalaman hirup panulis boh tina hasil ngalenyapan kaayaan di sabudeureunna. Éta hasil imitasi atawa tiruan mangrupa gambaran tina kahirupan.

Ku cara dipesék ngaliwatan ulikan objéktif sarta mimétik, satuluyna bakal kapaluruh aspék sosial nu nyampak dina unggal carita pondok nu aya dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir*. Anapon téori aspék sosial nu bakal digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téori Soekanto nu ngawincik aspék sosial kana lima bagian, nyaéta aspék sosial atikan, aspék sosial agama, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial moral.

Panalungtikan ngeunaan aspék sosial saenyana lain hal nu anyar. Panalungtikan saméméhna nu ngagunakeun aspék sosial jeung strukturalisme di antarana “Struktur jeung Aspék sosial dina Novél *Béntang Hariring* pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP” ku Hinhin Wahidah taun 2017, “Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Budak *Ulin di Monumén* karya Tétti Hodijah (Ulikan Objéktif, Mimétik, jeung Pragmatik)” ku Kurnia Sari taun 2019, “Aspék Sosial dina Novél *Kabandang ku Kuda Lumping* karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra) ku Wais Al-Qorni

taun 2020, “Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Pondok *Layung* Karya Aam Amilia (Ulikan Objéktif jeung Mimétik)” ku Reni Tania Nurmala taun 2021.

Bédana panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan nyaéta dina sumber data nu digunakeun sarta téori nu bakal dilarapkeun pikeun mesék ieu karya sastra. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa. Ari pamarekan nu bakal dipaké nyaéta pamarekan objéktif jeung mimétik M.H. Abrams, sarta nganalisis aspék sosialna ngagunakeun téori sosial sastra Soekanto. Can aya nu ngaguar kumpulan carita pondok *Halis Pasir* ngagunakeun ulikan objéktif, mimétik, sarta nganalisis aspék sosialna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan “Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa (Ulikan Objéktif jeung Mimétik)”.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha rumusan masalah anu patali jeung ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

1. Kumaha ulikan objéktif kana kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa?
2. Kumaha ulikan mimétik kana kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa?
3. Aspék sosial naon waé nu nyampak dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Dumasar rumusan masalah di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan kajian dina widang sastra utamana ulikan karya sastra ngagunakeun pamarekan objéktif, ngaguar aspék mimétik sarta aspék sosial nu nyamuni dina kumpulan carita pondok.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

1. Ngadéskripsikeun unsur intrinsik kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa ngagunakeun pamarekan objéktif.
2. Ngadéskripsikeun kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa minangka titiron tina kahirupan nyata (mimétik).
3. Ngadéskripsikeun aspék sosial nu nyampak dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina ngulik karya sastra utamana dina ulikan objéktif, ulikan mimétik, sarta aspék sosial nu nyangkaruk dina karya sastra. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep jadi dadasar pikeun mikaweruh aspék-aspék sosial nu aya dina karya sastra. Hasil ieu panalungtikan bisa kapaluruh aspék-aspék sosial nu aya dina karya sastra, struktur otonomikna sarta aspék mimétikna.

### 1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

Mangpaat praktis nu dipiharep dina ieu panalungtikan nyaéta:

1. Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan larapna pamarekan objéktif sarta mimétik kana karya sastra, jeung aspék sosial nu nyampak dina karya sastra.
2. Pikeun masrakat, nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan ulikan sastra Sunda, utamana ngagunakeun ulikan objéktif jeung mimétik sarta maluruh aspék sosial nu nyangkaruk dina hiji karya sastra utamana dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa.
3. Pikeun mahasiswa/pelajar, dipiharep bisa jadi dadasar pikeun bahan pustaka sarta ngaronjatkeun daya aprésiasi kana karya sastra.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab, nyaéta:

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar téori nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Téori-téori nu dipedar nyaéta ngeunaan carita pondok, strukturalisme Abrams (objéktif jeung mimétik), sarta aspék sosial.

Bab III Méthode Panalungtikan, medar métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nu ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data jeung sumber data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, medar hasil panalungtikan sacara gemblereng tina hasil analisis unsur intrinsik (ulikan objéktif), unsur mimétik, jeung aspék-aspék sosial.

Bab V Kacindekan, ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan séjén.